



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU DRAPÒ YO FLOTE A DEMI MA POU OBSÈVE 21ÈM ANIVÈSÈ 09/11

### *15 moniman istorik nan Eta a ak pon pral limen ble*

Gouvènè Hochul, te anonse jodi a ke drapò yo sou bilding gouvènman eta yo pral flote a demi ma nan dimanch 11 septanm nan memwa sila yo ki te pèdi lavi yo nan jou sa 21 ane de sa. Gouvènè a te anonse tou ke 15 moniman istorik ak pon eta yo pral limen ble an rekonesans ak 21èm anivèsè a.

"Venteyen ane de sa, apeprè 3,000 moun te pèdi lavi yo nan zak teworis tèrib ak san presedan kont eta nou ak peyi nou nan 11 septanm 2001", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap make venteyinyèm anivèsè atak laterè sou World Trade Center a, nan Pentagòn lan ak nan Pennsilvani, nou sonje viktim yo ak sekouris brav nou yo ki te pèdi lavi yo nan fason nou pi pa ta imagine epi nou onore sivivan ak fanmi viktim yo atak la te afekte yon fason trajik."

Mmoniman istorik nan Eta a ak pon ki pral limen yo enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Sant Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Center)

- MTA Long Island Rail Road - Pasrèl nan Pwent Lès nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418